

**(1) Tinogona kutsanangura here kuti Mweya Mutsvene Anoshanda sei mumwoyo yedu?**

**Johane 3:8**

Munhu anogona kutadza kutaura nguva chaiyo kana nzvimbo, kana kutevedzamatano ose emashandukiro aakaita asi izvi hazvirevi kuti haana kushanduka. Mweya waMwari akaita semhepo. HaAoneki, asi zvaAnoita zvinoonekwa nekunzwikwa pachena apo anoshanda mumwoyo yedu. Simba rekuvandudza risingagoni kuonekwa nemaziso edu rinoisa upenyu hutsva mumwoyo. Anotigadzira patsva mumufananidzo waMwari. Kanapo basa raMweya Mutsvene rakanyarara uye tisingazivi kuti Ari patiri nguva dzose, mabatiro aKe anenge achitoshanda ipapo.

**(2) Upenyu Hwedu Hunoshandurwa sei ?**

**2 Vakorinte 5:17**

Hatina zvatinogona kuita kushandura mwoyo yedu kana kuzviunza kuna Mwari. Kanapo tisingagoni kuzvivimba kana kuvimba nekushingaira kwedu kuti tizvishandure, mararamiro atinoita anoratidza kana nyasha dzaMwari dzichirarama matiri. Zvatiri,tsika dzedu nezvatinoita zvinoratidza shanduko. Musiyano unoonekwa pakati pemamiriro akanga aakaita zvinhu nezvazvava panguva ino. Chimiro chemunhu hachiratidzwi nezviito zvezvakanaka kana zvakaipa zvatinoita pano neapo, asi matauriro nemaitiro ezuva nezuva. Ichokwadi kuti vamwe vanhu vangaite mabasa akanaka sezvatingaona kunze, asi izvi hazvibvi pasimba rekuvandudza rajesu. Rudo rwavo rwekuda simba kana chidiso chekuremekedza vamwe zvinogona kuunza hupenyu hunenge hwakarongeka. Kuzvida kunogona kuve chikonzero chinoita kuti vamwe vanhu varege kuita zvakaipa. Mwoyo une chindini unogona kuita zvinhu zvisina chindini. Zvino tingaziva seiko kuti tiri kudivi raani? Mwoyo wedu ndewaani? Tinofunga pamusoro paani? Tinofarira kutaura pamusoro paani? Kushingaira kwedu kwose nerudo rwedu rwose tinozvipa kunaani? Kana tiri vaKristu pfungwa dzedu dzinaYe, uye pfungwa dzedu dzinotifadza dzinenge dziri pamusoro pezvaKe. Zvese zvatiinazvo nezvatiri zvinopiwa kwaAri. Tinorwarira kufanana naYe, kufema Mweya waKe, kuita zvaanoda, uye kumufadza muzvinhu zvose.

**(3) Zvii zvichaonekwa muzvimiyo zvedu kana tabarwa patsva zvechokwadi?**

**VaGaratia 5:22, 23**

Vakabarwa patsva zvechokwadi havarambi vachidzokera pane zvavaishuva kare. Kuburikidza nekutenda kwavo muMwanakomana waMwari vanotevera matsiko aKe vachibuditsa chimiro chaKe. Kuburikidza nesimba raKe vanochenerwa vofanana naJesu. Zvavaivenga ndizvo zvavanenge voda, zvavaida ndizvo zvavanenge vovenga. Vanhu vaimbozvida nekuvitutumadza vanozvininipisa nekuvidzikisira mumwoyo. Vakanga vasingabatsiri, nevaidada vanova vanhu vanorevesa uye vakazvininipisa. Vaidhakwa vanova vanhu vakadzikama, vakasvibiswa nemhororodzi dzechitema vanova vakachena kuti mbembe. Nzira dzisinamaturo nefashani dzenyika zvinokanganwika. MaKristu haatsvagi “kuzvishongedza kunze,” “asi ngakuve munhu wakavanzika womwoyo wakashonga zvingavori zvomweya munyoro wakanyarara.”

**(4) Chii chatinoshuva kuitira vatakatadzira kana tabarwa patsva?**

**Ruka 19:8**

Hapana chiratidzo chekuva neurombo pamusoro pezvitema zvedu kunze kwekunge kwaitika shanduko muhupenyu hwedu. Bhaibheri rinodzidzisa kuti tinofanira kuratidza kutendeuka kwechokwadi nekudzorera zvatinenge takatora,

kureurura zvitema zvedu, kuda Mwari nekuda vanhu. Kana isu taita izvi sevatadzi tinova nechokwadi kuti tapfuura kubva murufu kuenda muhupenyu. Sevatadzi kana tauya kuna Jesu nekugamuchira nyasha dzaKe dzinoregerera, rudo runozadza mwoyo yedu. Mitoro yese inotidhonzerwa pasi inoreruka. Joko iro Kristu anoda kuti titakure rakareruka. Kuita basa zvinozova mufaro, uye kuzvipira kunova chidakadzo. Nzira yanga yakazara nerima ichiita seyakavigwa mariri inojeka nechadzera chechedza chinobva kuZuva reKurarama.

**(5) Chii chichazova chikonzero chedu chekuda Jesu?**

**1 Johane 4:19**

Runako rwechimiro chaJesu runozoonekwa muneavo vanomutevera. Zvaipa Jesu mufaro kuita izvo Mwari aida kuti aite. Rudo rwaKe kuna Mwari uye rudo rwembiri yaKe (Mwari), ndizvozvaiva simba raitungamirira hupenyu hwaMuponesi. Rudo rwakaita kuti zvinhu zvose zvaaита zvive zvakanaka uye zvafadza kutarisa. Rudo runobva kuna Mwari. Mwoyo usiri pachokwadi kuna Mwari haugoni kusika rudo kana kurukonzerwa kuti rukure. Izvi zvinongowanikwa chete mumwoyo uri kutongwa aJesu. Mumwoyo waitwa mutsva menyasha dzaJesu, rudo runotonga.

**(6) Chii chatinozodisa kuita kuratidza rudo rwedu kuna Mwari?**

**Johane 14:15**

Rudo runotishandura. Runotiratidza zvatinofanira kuita, runotipa simba pamusoro pekugona kuzvidzora pane havi dzatinonzwa mumiiri yedu, rwakasimba kupfuura ruvengo, uye runotibatsira kuva nehanya nevamwe. Rudo urwu, rwakosheswa mumwoyo yedu, runounza zvikomborero kватiri uye kune vakatitenderedza.

**(7) Seiko kuterera kuburikidza nesimba raKristu kuchikosha muukama hwedu naYe?**

**I Johane 2:4**

Kune mhoso (kukanganisa) mbiri dzinofanira kungwarirwa chose nevana vaMwari, kunyanya avo vachangotanga kuvimba munyasha dzaJesu. Yekutanga yamboti taurwei ndeyekufunga kuti tinogona kuzviunza kunaMwari nemabasa edu kana kushingaira kwedu. VaGaratia 2:16. Kana tikaedza kuva vatsvene nemabasa edu ekuchengeta murairo, tiri kuedza kuita zvisingagoneki. Zvese zvatinointa tisina Kristu zvakasvibiswa nechindini nechitema. Inyasha bedzi dzaKristu dzinouya nekutenda,dzinogona kuitita vatsvene. Jeremia 13:23.

Mhoso yechipiri, inopikisana neiyi, asi ine ngozi yakangofanana nayo ndeiyi, yekutenda kuti nyasha dzaJesu dzakatisunungura kuti tirege kuterera murairo waMwari. Zvine ngozi kufunga kuti sezvo tichiwana nyasha dzaKristu kuburikidza nekutenda bedzi tinogona kuenderera mberi tichirarama nenzira dzenyika ino. Mabasa edu nezvatinoita hazvitipinzi mudenga asi zvinoratidza pane mwoyo yedu.

**(8) Chii chatakavimbiswa naKristu kana tabarwa patsva?**

**VaHeberu 10:16**

Murairo waMwari unoratidza kuti Mwari ndiani. Murairo waKe,ipfupiso yehwaro (musimboti) hwaKe hukuru hwerudo, panova ipo pakavakirwa hurumende yaKe yedenga nepasi rino.Kana mwoyo yedu yaitwa mitsva yafanana newaMwari, kana rudo ruripo, tingatadza here kurarama murairo waMwari muhupenyu hwedu? Kana musimboti werudo uri mumwoyo yedu, kana taitwa vatsva muchimiro cheMusiki

wedu, vimbiso yaMwari yesungano itsva inobva yava chokwadi: “Ndichaisa mirairo yangu mumwoyo yavo,nemumirangariro yavo ndichainyora.”

Zvino kana murairo wanyorwa mumwoyo yedu hauzoumbi here upenu hwedu? Kuterera, kushanda nekuvimbika kwerudo ndizvo chiratidzo chekuti tiri kutevera Jesu. Panzvimbio yekutisunungura kubva mukuterera, kutenda chete, kunoita kuti tive nerutivi munyasha dzaKristu. Zvino, kuburikidza nenyasha tinopiwa chidiso nekukwanisa kumuterera.

**(9) Chii chinoratidza kuti ishe wedu ndiani?**

**Mateo 7:16, 20**

Hatishandiri ruponeso kuburikidza nekuterera, ichi chipo chatinopihwa kubva kuna Mwari kuburikidza nekutenda. Kuterera kunoburitswa semuchero wekutenda. Mateo 7:20. Kana tiri vamwe naKristu, kana rudo rwaMwari ruchigara matiri, zvatinonzwa, pfungwa dzedu, zvinotisunda kuti tiite zvakasiyana siyana, uye zvinhu zvatinointa zvinenge zvongowirirana nezvinodiwa naMwari kuti tiite. Zvino kuti tiite zvakarurama zvinongoratidza bedzi nechipimo chemutemo mutsvene waMwari, uyo watinoratidza pahwaro hune gumi hwatinopihwa pagomo reSinai. VaRoma 7:7; VaRoma 3:20; 1 Johane 3:8, 9.

**(10) Zvii zvinhu zviviri zvinofanira kuonekwa muhupenyu hwedu mushure mekupa mwoyo yedu kuna Ishe?**

**Jakobo 2:17**

Kana vanhu vachifunga kuti vane kutenda munaKristu uye kuti kutenda uku kunovasunungura kuti vasaterera Mwari, hakusiriko kutenda, uku kungozvirongera (kune kuzvifadza zvisingabvi kuna'She) “Makaponeswa nenyasha zvichibva pakutenda.” Asi “ Kutenda, kana kusina mabasa, kwakafa.” Jesu Akataura izvi pamusoro paKe asati auya mune rino pasi, “Ndinofara kwazvo kuita kuda kwenyu, Mwari wangu; zvirokwazvo murairo wenyu uri mumwoyo mangu.” Mapisarema 40:8. Uyewo nguva shoma asati adzokera kudenga Akati, “Ndaichengeta mirairo yaBaba vangu, ndichigara murudo rwaVo.” Johane 15:10. Rugwaro urwu runoti, “Ndizvo zvinotizivisa kuti tinomuziva, kana tichichengeta mirairo yaKe.” 1 Johane 2:3.

**(11) Zvino tichaziva sei mararamiro atinofanira kuita?**

**1 Petro 2:21**

**(12) Tingawana sei kururama uye hupenyu husingaperi?**

**2 Vakorinte 5:21**

Nzira yekurarama hupenyu husingaperi haishanduki, iri zvayakanga yakaita kubva kareko. Iri zvayakanga iri muBindu reEdeni vaberekvi vedu vaku tangva vasati vaputsika. Inzira yekuterera Murairo waMwari; ndiko kururama kwakaperera. Dai hupenyu husingaperi hwaiwanikwa nani naani zvake nenzira yake uye pamadiro, zvisikwa zvese zvaiingakandwa munjodzi huru. Nzira yainge yazovhurwa kuti chitema chirambe chiripo nekusingaperi zvese nekuchema nekutambudzika kunouya nacho. Saka tariro yedu iripi? Inowanikwa mukugamuchira chipiriso chaJesu mukubhadhara mungava / murandu (mhosva) wechitema chedu, uye mukubvumira kururama kwaKristu kuti kutifukidze.

**(13) Chii chatinopihwa neropa raKristu chinotipa simba rekuva vatsvene?**

**VaEfeso 1:7**

**(14) Zvikomboreroi zvinopiwa kune umwe neumwe wedu naMwari ?**

**2 Petro 1:4**

Adama asati atadza aive nechimiro chakarurama uye chaive chidiso chake kuterera Murairo waMwari. Asi nemhosva yechitema, zvidiso zvake zvakashanduka kubva mukururama kuenda mukuipa, isuwo takagara nhaka yechimiro chakaputsika ichi. Sezvo tine chitema uye tisiri vatsvene hatigoni kuterera mutemo mutsvene waMwari zvakaperera. Hatina matiri kugona kuita zvakarurama kana tiri tega, ndizvo zvinotitadzisa kuterera Murairo waMwari. Asi Jesu akatigadzirira nzira yekupukunyuka nayo. Akararama mupasi, akasangana nezviedzo nemisungo yatinosangana nayo. Akararama hupenyu husina chitema, akatifira uye iye zvino anozvipira kutora zvitema zvedu uye kuti atipe kururama kwaKe. Isu kana tazvipa kwaAri nekumugamuchira saMuponesi, tinobva tangoverengerwa pakururama kwaKe zvisinei kuti takararama hupenyu hune chitema zvakadii. Chimiro chaKristu chinotora chinzhimbo chechimiro chedu, isu tobva tagamuchirwa pamberi paMwari setisina kana kumbotadza.

**(15) Kana tabarwa patsva, tinozoenderera mberi sei mukufamba naMuponesi?**

**VaGaratia 2:20**

Kana tabarwa patsva Kristu anoshandura mwoyo yedu. Anouya ogara mumwoyo yedu kuburikidza nekutenda. Tinofanira kugara pedyo naKristu nekutenda uye nekuramba tichimupa simba redu rekusarudza. Tikaramba tichingoita izvi, anoshanda matiri kuda kwaKe uye achatibatsira kuti tiite zvaanoda, tichirarama nenzira inotsanangurwa muna VaGaratia 2:20. Jesu anoti kuvadzidzi vaKe, "Nokuti hamuzimi munotaura, asi Mweya waBaba venyu unotaura mukati menyu." Mateo 10:20. Saka tiina Jesu achishanda mukati medu, tinozokwanisa kuterera Mwari nokuita zvakarurama. Hapana chikonzero chekumboedza kuzvisimudza. Chikonzero chedu bedzi, chetariro yedu chiri mukunaka kwaJesu uye kuvepo kweMweya Mutsvene muupenyu hwedu.

**(16) Ishoko ripi muvhesi iri rinotiratidza kuti kutenda kwakasiyana nekungobvuma (kubvumira)?**

**Jakobo 2:19**

Kana tichitaura pamusoro pekutenda nekungobvuma, pane musiyano watinofanira kuchengeta mupfungwa. Pane kungobvumira kwakasiyana zvachose nekutenda. Mwari Arik, Anesimba uye Shoko raKe nderechokwadi, kunyange Satani nevatumwa vake vakaputsika havagoni kuramba izvi mumwoyo mavo. Bhaibheri rinoti "mweya yakaipa inotenda (kubvumira), nekudedera," asi hakusiriko kutenda kunounza ruponeso. Nokuti kutenda kwechokwadi kunoshanda nerudo kunonatsa munhu, tinofanira kutenda muShoko raMwari topa simba redu rekusarudza nemwoyo yedu kwaAri nerudo rwedu rwese ruri paAri. Kuburikidza nekutenda uku, Mwoyo yedu inoitwa mitsva mumufananidzo waMwari. Mwoyo usina kuitwa mutsva hauteveri Murairo waMwari - uyewo haumbofi wakagona. Mwoyo waitwa mutsva unofadzwa nezvitsvene zvomurairo, ozotaurawo saDavidi muimbi, "Haiwa, ndinoda murau wenyu seiko! Ndicho chandinofungisia zuva rose." Mapisarema 119:97. Uye kururama kwemurairo kunopedziswa matiri, "tisingafambi nekwenyama asi Mumweya." Varoma 8:1.

**(17) Kristu acharamba akatiwira zvakadii pakunatsa zvimiyo zvedu?**

**I Johane 2:1**

Unogona kunge wasvika pakuziva rudo rwaJesu runoregerera uye uchida zvechokwadi kuva mwana waMwari asi unoona kuti chimiro chako hachina kunaka. Une zvizhinji muhupenyu hwako zvisina kumira zvakanaka saka hauna chokwadi chekuti mwoyo wako waitwa mutsva here neMweya Mutsvene. Kana zviri izvo zvauri kunzwa usaore mwoyo. Nguva zhinji tichafanira kuti tindokotama patsoka dzaJesu nokuti tinenge tatadzirira kuita kuda kwaKe uye taita mhosh, asi hatifanirwi kuora mwoyo. Kunyange takundwa nemuvengi, hatina kuraswa kana kurambwa naMwari.

**(18) Ko kana tikawira muchitema isu tambobarwa patsva?**

**I Johane 2:1**

**I Johane 1:9**

Kristu ari kurudyi rwaBaba, ariko kuti atibatsire. Usakanganwe mazwi aJesu, "Baba Vamene vanokudai." Johane 16:27. Vanoda kutidzorazve kwaVari. Vanoda kuona hutsvene hwavo huchiratidza matiri. Kana tikangozvipa bedzi kwaAri, Iye Akatanga kuita zvinhu zvakanaka matiri acharamba achizviita kusvikira zuva raJesu Kristu. Tinofanira kunamata nekushingaira kukuru uye nekutenda kwakazara. Zvino apo patinotanga kusavimba nesimba redu, tichanyanya kuvimba nesimba reMudzinkini wedu uye tichamurumbidza iye unobudisa kunaka kwaKe matiri.

**(19) Mushure mekubarwa patsva, chii chatichazonzwisa?**

**Isaya 64:6**

Paunoswedera pedyo naJesu, ndipo paunonyanya kuzviona kuipa kwako. Kutadza kwako kunonyatsoonekwa pachena zvichienzanisa nekuperera nechimiro chaKe. Izvi zvinoratidza kuti manomano (husvinu) aSatani arasikirwa nesimba rawo uye kuti simba rekupa hupenyu raMweya Mutsvene ririkukumutsa.

Hakuna rudo rwakadzika rwaJesu runogara mumwoyo womunhu asingaoni kutadza kwake. Munhu akashandurwa nenyasha dzaJesu anoyemura chimiro chaKe chitsvene. Kana tisingaoni huipi hwedu, zvinoreva kuti hatisati taona runako nekunaka kwaJesu.

Patinotanga kusaona zvatnoti zvakanaka matiri ndipo patinotanga kuona nekuyemura kuperera kwekuchena nerunako rwaJesu saMuponesi. Kuona kwedu huipi hwedu kunotiuza kwaAri Iye Anogona kuregerera. Kana taona kuti hatigoni kuzvibatsira uye tatambanudza maoko edu kuna Jesu, acharatidza kuti anesimba rakadii. Patinonzwa tichisundwa nekutsvaga Jesu uye neShoko raMwari, zvichatijekera kuti Iye akanaka zvakadii uyewo ndipo patichanyanya kuburitsa mufananidzo wake.

*Ndasarudza, nenyasha dzaKe, kufamba mumatsiko aKristu nekuMuteera saIshe. Munamoto wangu ndewekuti dai muchero yeMweya waKe yaonekwa mandiri kuti ndiratidze chimiro chaKe chakarurama uye chitsvene.*

Tenderedza: Hongu Kwete Handisati ndasarudza

(C) Merlin Beerman - [www.revelationpublications.com](http://www.revelationpublications.com)

Illustrations (C) Goodsalt - [www.goodsalt.com](http://www.goodsalt.com)

These materials may be photocopied and shared but not altered or sold.

Printed in USA by Light Bearer's Ministry - [www.lbm.org](http://www.lbm.org)

# Matsiko Kuna Kristu



## Kutevera Ishe Wedu